

Kalkil Montan yo Chaje Anjeneral

Kalkil Montan yo Chaje Anjeneral

Nenpòt ki pasyan ki kalifye pou èd finansye anba Règleman Èd Finansye The Children's Hospital Corporation ki fè biznis sou non Boston Children's Hospital ("Lopital la"), epi ki resevwa Sèvis Ijans oswa lòt Sèvis ki Nesesè pou Rezon Medikal lopital la bay, yo pa pral voye bòdwo ak Montan yo Chaje Anjeneral (Amounts Generally Billed, "AGB") la bay pasyan ki kouvri anba (a) yon asirans/plan sante prive yo; (b) Medicare frè pou sèvis; ak (c) Medicaid.

Lopital la detèmine pousantaj la ak yon Metòd Pa Dèyè (Look Back). Chak ane, yo kalkile AGB a selon (i) sòm total tout montan yo otorize pou reklamasyon Medicaid, frè ki faktire pou chak sèvis Medicare ak tout konpayi asirans prive te peye, divize pa (ii) sòm chaj brit asosye pou reklamasyon sa yo. Yo pral aplike AGB a sou balans pasyan an, apre li satisfè kritè kalifikasyon pou Èd Finansye, pou detèmine konbyen li dwe.

Yo kalkile AGB pou Lopital la chak ane, nòmalman an desanm pou jwenn enfòmasyon ki pi konplè pou reklamasyon yo peye pandan peryòd anvan fen ane fiskal la ki se 30 septanm. Lopital la te itilize sa yo pou kalkile AGB:

- Metòd pou gade dèyè a.
- Yon peryòd douz (12) mwa pou mezire ane fiskal ki pi resan an.
- Medicaid, Medicare frè pou sèvis, ak peman asirans sante prive.

$$\text{AGB} = \frac{\text{Sòm tout montan yo otorize sou reklamasyon Medicaid peye yo, Medicare frè ki faktire pou chak sèvis, ak peman asirans sante prive.}}{\text{Sòm Brit Reklamasyon Otorize ($) pou reklamasyon sa yo.}}$$

Montan yo Chaje Anjeneral 60%

Kòmanse: 1ye oktòb 2025